

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Sacara umum, ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif anu ngagunakeun métode déskriptif, ieu panalungtikan dilakukeun ku cara nganalisis data dumasar kana tiori anu dipaké. Panalungtikan kualitatif dilaksanakeun pikeun ngawangun pangaweruh ngaliwatan pamahaman jeung timuan, (Umar, 2007, kc.4). Éta hal saluyu jeung pamadegan Sutopo & Arief, (2010, kc.1) yén anu dimaksud panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, kagiatan sosial, sikep, kayakinan, présépsi, sawangan individual atawa kelompok.


Kualitatif ogé sipatna déskriptif, hartina unggal fénoména atawa kajadian dianggap miboga poténsi pikeun dijadikeun isu anu bisa méré pamahaman ka panalungtik ngeunaan masalah anu ditalungtikna sacara gembleng, Strauss, (dina Umar, 2007, kc. 5). Tuluy Arikunto, (2013, kc. 3) ogé nétélakeun yén métode déskriptif mangrupa panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan.

Hal-hal anu rék dipedar ngagunakeun pamarekan kualitatif anu kalawan métode déskriptif nyaéta ngadéskripsikeun ngeunaan kohérénsi référénsial dina rubrik “Kolom” majalah Manglé taun 2018. Data nu geus dihimpun satuluyna dianalisis jeung didéskripsikeun dumasar kana papasingan wanda kohérénsi référénsial, tingkat kohérénsi référénsial, sarta dominasi wanda kohérénsi référénsial.

Dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan di luhur, tuluy disusun desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa runtuyan prosés nalika ngayakeun panalungtikan. Desain panalungtikan dianggap hal penting dina panalungtikan sabab nurutkeun Umar, (2007, kc.6-7) desain panalungtikan mangrupa hiji rarancang pikeun milih sumber-sumber daya jeung data anu rék dipaké tuluy diolah pikeun ngajawab rumusan masalah dina panalungtikan, desain panalungtikan mangrupa gurat badag prosedur panalungtikan. Desain ieu panalungtikan saperti dina bagan 3.1 ieu di handap.

### Bagan 3. 1

#### Desain Panalungtikan



Léngkah-léngkah panalungtikan kudu disusun sacara runtuy sangkan tujuan tina ieu panalungtikan bisa kahontal. Hal anu mimiti dilakukeun nyaéta ngarumuskeun heula masalah anu aya patalina jeung kohérensí référénsial, nyaéta wanda kohérensí référénsial, tingkat kohérensí référénsial, jeung dominasi wanda kohérensí référénsial antarkalimah dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018.

Sanggeus kakumpulna data jeung rumusan masalah anu geus tangtu, éta wacana kudu ngaliwatan sawatara léngkah, nyaéta 1) dikelompokeun dumasar paragraf, 2) nganalisis papasingan wanda kohérensí référénsial, nu ngawengku tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrastis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali généralisasi, jeung tatali résumatif, 3) nganalisis

tingkat kohérensinya antarkalimah dina paragraf, 4) ngelompokeun dominansi wanda koherensi referensial, 5) ngadeskripsikeun wanda kohérensinya référensial, jeung 6) medar hasil panalungtikan dumasar kana tiori anu dilarapkeun dina ieu panalungtikan. Hasil ieu panalungtikan kudu dipertanggungjawabkeun ku panalungtik dina wangun laporan hasil panalungtikan anu disusun saluyu jeung sistematika panulisan anu ditangtukeun saméméhna.

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan kohérensinya référensial antarkalimah. Ku kituna, ieu panalungtikan mikabutuh sumber data. Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta majalah *Manglé* taun 2018. Majalah *Manglé* mimiti medal taun 1957, di Bogor anu dipingpin ku Oeton Mochtar jeung istrina Rochamina Sudarmika. Rédaksina harita, di antarana aya Wahyu Wibisana jeung Saleh Danasasmita. Taun 1962 majalah *Manglé* pindah ka Bandung sarta sababaraha kali ganti rédaksi. Ieu majalah kungsi tirasna ngaronjat basa rédaksina dicekel ku sastrawan senior Rustandi Kartakusuma. Majalah *Manglé* nepi ka ayeuna terbit kénéh tur mampuh terbit mingguan (Haerudin & Suherman, 2015, kc.13-14). Dina majalah *Manglé* taun 2018 aya sawatara rubrik anu dipidangkeun. Salah sahijina aya rubrik “Kolom” anu midangkeun sawatara karya tulis mangrupa artikel populer anu medar fenomena umum anu keur karandapan ku masarakat.

Rubrik “Kolom” dina majalah *Manglé* anu medal édisi Januari – Désémber taun 2018, jumlahna aya 52 édisi. Tina 52 édisi majalah *Manglé* anu medal di taun 2018 henteu sakabéh édisi majalah *Manglé* aya rubrik “Kolom” di jerona, kabéhna aya 31 rubrik “Kolom”. Dina ieu panalungtikan henteu sakabéh rubrik “Kolom” dijadikeun sumber data panalungtikan. Anu dijadikeun sumber data panalungtikan dina ieu skripsi nyaéta rubrik “Kolom” majalah *Manglé* édisi jangkep tur dijerona aya rubrik “Kolom”-na. Kabéhna aya 18 rubrik “Kolom” anu dijadikeun sampel data pikeun sumber data panalungtikan, ébréhna diwincik dina tabél 3.1 di handap.

**Tabél 3. 1***Sumber Data Panalungtikan*

| <b>No.</b> | <b>No. Édisi</b> | <b>Édisi Midang</b>         | <b>Judul Wacana</b>                     | <b>Panulis</b>                            |
|------------|------------------|-----------------------------|---|---|
| 1.         | 2660             | 28 Des 2017 –<br>4 Jan 2018 | “Nyosompang”                            | Ensa Wiarna                               |
| 2.         | 2664             | 25 Jan – 1 Feb<br>2018      | “Citarum, AMS, Jokowi”                  | Kang Uu<br>Rukmana                        |
| 3.         | 2668             | 22 Feb – 1<br>Mar 2018      | “Tanjakan Émén, Roko,<br>jeung Récéh”   | Kang Uu<br>Rukmana                        |
| 4.         | 2670             | 8 – 15 Mar<br>2018          | “Apik jeung Ngirit”                     | Wa Nandang                                |
| 5.         | 2672             | 22 – 29 Mar<br>2018         | “Diléma Pangarang<br>Sunda”             | Yadi<br>Karyadipura                       |
| 6.         | 2680             | 17 – 24 Mei<br>2018         | “Harmonisasi Kultural<br>Sunda-Jawa”    | Uu Rukmana                                |
| 7.         | 2686             | 28 Jun – 5 Jul<br>2018      | “Capétang”                              | Ensa Wiarna                               |
| 8.         | 2686             | 28 Jun – 5 Jul<br>2018      | “Hayam Kampung”                         | Hamid Marta                               |
| 9.         | 2688             | 12 – 19 Jul<br>2018         | “Piala Dunya jeung<br>Pulitik”          | Dr. H. Deden<br>Ramdan, M.Si,<br>CICP.DBA |
| 10.        | 2688             | 12 – 19 Jul<br>2018         | “Promosi Budaya<br>Ngaliwatan Olahraga” | Yadi<br>Karyadiputra                      |
| 11.        | 2690             | 26 Jul – 2 Agt<br>2018      | “Endog jeung Daging<br>Hayam”           | Man Suparman                              |

| No. | No. Édisi | Édisi Midang           | Judul Wacana                                 | Panulis                  |
|-----|-----------|------------------------|--|--------------------------|
| 12. | 2690      | 26 Jul – 2 Agt<br>2018 | “Folklor jeung Pariwisata”                   | Taufik Rahayu            |
| 13. | 2692      | 9 – 16 Agt<br>2018     | “Carita Kakawasaan”                          | Ensa Wiarna              |
| 14. | 2696      | 6 – 13 Sept<br>2018    | “Murak Rumpaka Pupuh<br>Balakbak”            | Ino Misno                |
| 15. | 2698      | 20 – 27 Sept<br>2018   | “PBMS-V: Geus<br>Mangsana Nu Ngora<br>Nyora” | Asep Irawan<br>Sopandi   |
| 16. | 2702      | 18 – 25 Okt<br>2018    | “Ki Sobat”                                   | Achmad Rahmat<br>Muhidin |
| 17. | 2706      | 15 – 22 Nov<br>2018    | “Pariwisata Jalan<br>Karahaarjaan Balarea”   | H. Uu Rukmana            |
| 18. | 2708      | 29 Nov – 6<br>Des 2018 | “Warisan”                                    | Ensa Wiarna              |

Ieu sumber data panalungtikan bisa ditalungtik wanda kohérensí référénsial, tingkat kohérensí référénsial, sarta dominasi wanda kohérensí référénsialna.

### 3.3 Téhnik ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi nurutkeun Sugiyono, (2013, kc.240) anu disebut téhnik dokuméntasi nyaéta rékam kajadian anu geus kalarung dina wangun dokumén, saperti dina wangun tulisan, gambar, atawa karya monuméntal. Hartina, téhnik dokuméntasi téh mangrupa salah sahiji téhnik dina ngumpulkeun data anu ngulik jeung medar data ngaliwatan média anu ngawengku sawatara informasi tina dokumén (tulisan).

Prosedur ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, ngaliwatan runtuyan léngkah-léngkah ieu di handap

- a. milih obyék panalungtikan nyaéta rubrik “Kolom” dina majalah *Manglé* taun 2018;
- b. nangtukeun sumber data panalungtikan, nyaéta dipilih 18 judul wacana tina 31 judul wacana dumasar kana édisi rubrik “Kolom” anu jangkep;
- c. macaan sumber data kalawan teleb;
- d. ngarucat wacana jadi sawatara kelompok data paragraf; jeung
- e. mindahkeun data kana tabél data;

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas anu dipilih jeung digunakeun ku panalungtik pikeun kaperluan panalungtikanana sangkan kagiatanna lumangsung kalawan lancar (Arikunto, 2009, kc.101). Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital sangkan bisa mantuan panalungtik dina ngumpulkeun data anu rék dianalisis. Kartu data mangrupa informasi tina sumber data anu dikelompokkeun dumasar kana jenis data anu rék ditalungtik.

Ieu panalungtikan maké kartu data digital, anu léngkah-léngkahna nyaéta

- a. nyalin data paragraf kana tabél data;
- b. nyusun runtuyan data sacara alfabétis; jeung
- c. méré nomer kode kana runtuyan data paragraf.

Data paragraf anu aya dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018 disalin kana kartu data digital tuluy ðibéré kode saperti dipidangkeun dina tabel 3.4 ieu di handap.

**Tabél 3. 2**

*Conto Kartu Data Digital*

| <i>No.<br/>Data</i> | <i>Data Paragraf</i> |
|---------------------|----------------------|
| <b>(007)</b>        |                      |
| <b>(008)</b>        |                      |

Kode data dina kartu data bisa mantuan panalungtik sangkanleuwih gampang ngolah data. Saperti anu ditétélakeun ku Sutopo & Arief, ( 2010, kc. 28) yén anu dimaksud pengodeuan data hartina panalungtik ngidentifikasi inti carita atawa ide utama anu nyampak dina data panalungtikan ku cara méré ngaran atawa kode data. Ku kituna, aya kode data anu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

**M2664/CAJ/KUR/01**

Keterangan :

Kode data = Édisi *Manglé*/Judul téks/panulis/paragraf

Data anu geus dianalisis dina kartu data tuluy diasupkeun kana tabél instrumén pangolah data nu ngawengku 1) wanda kohérénsi référénsial, 2) tingkat kohérénsi référénsial, jeung 3) dominasi wanda kohérénsi référénsial dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* taun 2018. Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data saperti tabel 3.5 ieu di handap

**Tabél 3. 3**

*Conto Tabél Papasingan Wanda Kohérénsi Référénsial*

| No. Data | Data Paragraf | Wanda Kohérénsi Référénsial |    |    |    |    |   |    |    |   |   |    |    |    |    |    |
|----------|---------------|-----------------------------|----|----|----|----|---|----|----|---|---|----|----|----|----|----|
|          |               | 1a                          | 1b | 1c | 2a | 2b | 3 | 4a | 4b | 5 | 6 | 7a | 7b | 8a | 8b | 8c |
| (083)    |               |                             |    |    |    |    |   |    |    |   |   |    |    |    |    |    |
| (067)    |               |                             |    |    |    |    |   |    |    |   |   |    |    |    |    |    |

Keterangan :

**Wanda Kohérénsi Référénsial:**

(1a) Tatali Kausalitas *sabab-akibat*; (1b) Tatali Kausalitas *alesan-akibat*; (1c) Tatali Kausalitas *akibat-alesan*

(2a) Tatali Komparatif *ngupamakeun*; (2b) Tatali Komparatif *lalandian*;

(3) Tatali Parafrastris;

(4a) Tatali Implikatif *latar-inklusif*(4b) Tatali Implikatif *latar-kacindekan*;

(5) Tatali Idéntifikatif;

(6) Tatali Aditif;

(7a) Tatali Géneralisasi *générik-spésifik*; (7b) Tatali Géneralisasi *spésifik-générik*

(8a) Tatali Résultatif *sarat-hasil*; (8a) Tatali Résultatif *sarana-hasil*; (8a) Tatali Résultatif ‘anéksi-hasil’.

**Tabél 3. 4***Conto Tabél Tingkat Kohérensí Référénsial*

| No. Data | Data Paragraf | Tingkat Kohérensí Référénsial |    |
|----------|---------------|-------------------------------|----|
|          |               | K                             | TK |
| (083)    |               |                               |    |
| (067)    |               |                               |    |

Katerangan :

**Tingkat Kohérensí Référénsial:**

(1) Kohéren;

(2) Henteu Kohéren

**Tabél 3. 5***Conto Tabél Dominasi Wanda Kohérensí Référénsial*

| No. Data | Wanda Kohérensí Référénsial | (f) | (%) |
|----------|-----------------------------|-----|-----|
| A.5      |                             |     |     |
| A.4.1    |                             |     |     |

Katerangan :

**Dominasi Wanda Kohérensí Référénsial:**

(f) frékuénsi

(%) Perséntaseu

**3.5 Téhnik Ngolah Data**

Data anu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis makétéhnik analisis unsur langsung pikeun medar wujud kohérensí référénsial. Téhnik analisis unsur langsung dilaksanakeun ku cara néangan unsur anu leuwih leutik tina hiji beungkeutan basa anu dianalisis; sarta ngabandingkeun harti atawa makna tina gunggungan basa anu leuwih leutik.



Dumasar kana éta hal, ngolah data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara léngkah-léngkah ieu di handap

- a. niténan data nu geus dikumpulkeun;
- b. ngaruntuykeun data sacara alfabétis;
- c. méré kode jeung nomer kana data panalungtikan;
- d. ngidéntifikasi data dumasar kana papasingan wanda kohérénsi référénsial;
- e. nyieun papasingan data dumasar kana tingkat kohérénsi;
- f. ngadéskripsikeun data dumasar kana papasingan wanda kohérénsi référénsial jeung maluruh dominasi wanda kohérénsi référénsialna;
- g. medar hasil panalungtikan; jeung
- h. nyieun kacindekan tina hasil analisis kohérénsi référénsial.